



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON EPI LI MANDE POU BATIMAN BIWO ETA YO AK MONIMAN ISTORIK YO LIMEN POU SELEBRE MWA FYÈTE A

Drapo Fyète Pwogrè LGBTQ+ la pral flote epi yo pral limen Moniman Eta a yo atravè Eta Nouyòk nan dat 1e jen an, pou make kòmansman Mwa Fyète a

Vil Nouyòk pral òganize mach anyèl Mwa Fyète a nan dat 29 jen, youn nan pi gwo mach ak evènman fyète nan mond lan

Gouvènè a pibliye yon pwoklamasyon ki deziyen jen 2025 kòm mwa fyète LGBTQ+; Lyen pou pwoklamasyon an disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te bay lòd pou yo limen batiman biwo ak moniman eta yo ak koulè drapo Fyète a epi leve drapo Fyète pwogrè LGBTQ+ la jodi a, 1e jen an, pou selebre kominote LGBTQ+ Nouyòk la epi make kòmansman mwa Fyète a. Gouvènè a te pibliye tou yon pwoklamasyon ki deziyen jen 2025 kòm Mwa Fyète LGBTQ+ nan Empire State la. Yo pral leve drapo Fyète a nan Kapitòl Eta a, Empire State Plaza ak nan Chato Gouvènè a.

"Nouyòk se kote mouvman dwa LGBTQ yo te pran nesans li — manm kominote a ap mache pou egalite depi 1969, epi chak ane youn nan pi gwo mach Fyète nan mond lan fèt nan Vil Nouyòk", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kounye a plis pase avan, n ap goumen pou pwoteje dwa ak pwoteksyon LGBTQ+ yo — tout Nouyòkè merite pou yo an sekirite, pou yo tandè vwa yo epi pou yo gen valè kèlkeswa moun yo renmen oswa fason yo idantifye tèt yo. Nouyòk fyè de istwa li epi l ap toujou selebre Fyète."

Yo pral limen moniman Eta sa yo plizyè koulè drapo Fyète a nan dat 1e jen ak 23-30 jen, epi yo pral limen moniman rejyon Kapital la nan wikenn 7-9 jen an:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza

- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

Yo pral flote drapo Fyète a nan ajans ak bilding biwo Eta sa yo nan tout Eta Nouyòk:

- New York State Capitol
- Empire State Plaza
- Chato Gouvènè a
- Alfred E. Smith State Office Building
- Biwo Sèvis Jeneral Eta Nouyòk la
- Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta Nouyòk la
- Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral Eta Nouyòk
- Komisyon Konpansasyon Travayè Eta Nouyòk la
- Hampton Plaza
- Harriman Campus
- Ten Eyck
- Bilding Biwo Leta Binghamton
- Dulles State Office Building
- Bilding Biwo Leta Henderson-Smith
- Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta (Oriskany)
- Etablisman Homer Folks
- Bilding Biwo Leta Senatè John H. Hughes
- Bilding Biwo Leta Utica
- Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building
- Bilding Biwo Leta Eleanor Roosevelt
- Sant Jesyon Transpò Vale Hudson lan
- Bilding Biwo Leta Perry B Duryea

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse ke drapo Fyète a pral flote nan pak Eta sa yo atravè Eta Nouyòk:

- Pak Eta Allegany
- Artpark
- Aboretòm Bayard Cutting
- Pak Eta Bowman Lake
- Pak Eta Bethpage
- Pak Eta Caleb Smith
- Prezèv Pak Eta Clay Pit Ponds

- Sit Istorik Eta Clermont
- Pak Eta Rivyè Connetquot
- Pak Eta Riverbank DF
- Pak Eta FDR Four Freedoms
- Pak Eta FDR
- Pak Eta Gantry Plaza
- Pak Eta Green Lakes
- Pak Eta Harriman
- Pak Eta Lak Hempstead
- Pak Eta Hither Hills
- Pak Eta Jones Beach
- Pak Eta Lake Taghkanic
- Pak Eta Letchworth
- Pak Eta Marsha P. Johnson
- Pak Eta Mills-Norrie
- Pak Eta Montauk Downs
- Pak Eta Niagara Falls
- Pak Eta Orient Beach
- Philipse Manor Hall
- Pak Eta Planting Fields
- Pak Eta Robert Moses
- Pak Eta Roberto Clemente
- Pak Eta Saratoga Spa
- Pak Eta Shirley Chisholm
- Pak Eta Sunken Meadow
- Pak Eta Taconic
- Pak Eta Valley Stream
- Pak Eta Wellesley Island

Pandan tout pozisyon li yo nan gouvènman lokal ak eta a, Gouvènè Hochul te defann politik epi li te fè investisman pou sipòte Nouyòkè ki majinalize yo. Kòm yon lidè nasyonal nan defans dwa LGBTQ+, li te siyen yon lwa pou fè Nouyòk vin yon refij pou jèn LGBTQ+ yo epi li te ouvri chemen pou mete yon Amanman sou Dwa Egal yo nan Konstitisyon Eta Nouyòk la.

Kominote LGBTQ+ la pa etranje ak atak administrasyon Trump yo ak pouswit gouvènman federal la pou retire dwa ak pwoteksyon nan men moun k ap eseye rete tèt yo. Atak sa yo demonte plizyè ane pwogrè ak defans dwa sivil, retire pwoteksyon pou moun LGBTQ+ yo epi pwoteje aksè ak enfòmasyon pou moun k ap chèche aprann plis sou idantite yo epi resevwa swen ki afime sèks.

Chak ane, vil Nouyòk akeyi youn nan pi gwo mach Fyète ak evènman Fyète nan mond lan. Ane sa a, mach Fyète a ap fèt 29 jen — chak ane, dènye dimanch nan mwa jen an — epi pandan tout mwa jen an, Divizyon Touris Empire State Development/I LOVE NY ap kontinye ankouraje touris yo pou yo dekouvri tout evènman ak destinasyon k ap tann yo atravè Eta Nouyòk atravè I LOVE NY LGBTQ. Sitwèb I LOVE NY LGBTQ la gen

ladan gid vwayaj, blog ak yon kalandriye evènman Fyète ak evènman k ap dewoule toupitou nan Eta Nouyòk. Pou plis enfòmasyon sou vwayaj LGBTQ ak evènman Fyète yo, klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)